Har bir ta’lim turining xususiyatlariga kamida quyidagilar kiradi:

-dastlabki falsafiy pozitsiyalar inson nima, dunyo nima, insonning o‘ziga, insoniyatga, madaniyatga, fanlarga, atrofdagi dunyoga va boshqalarga nisbatan inson ta’lim

-psixologik pozitsiyalar-shaxs tushunchasi, o‘rganish va rivojlanish o‘rtasidagi bog‘liqlik

-subyekt-obyekt munosabatlarini belgilovchi pedagogik pozitsiyalar pedotsentrik (o‘qituvchining yetakchi roli), bolalarga yo‘naltirilgan (bolaning yetakchi roli), sotsiotsentrik (jamiyatning yetakchi roli).

Ta’limning har bir turi ta’limning o‘ziga xos ma’nosiga ega, ya’ni nima sababdan va nima uchun sodir bo‘lishini tushunish. Masalan, ta’limning mazmuni sifatida:

-bir avlod tajribasini keyingi avlodga o‘tkazish;

-dunyoni madaniy o‘rganish;

-o‘quvchilarning erkin rivojlanishi;

-kasbiy faoliyatga tayyorgarlik;

-o‘quvchilarning o‘zini o‘zi anglashi.

**Xulosa.** Ta’limning ma’nosi bu - nima sababdan va nima uchun kerak, bu nima, inson uchun qanday vazifani bajaradi, degan savollarga javob beradigan ta’lim asosidagi g‘oyadir. Ta’limning ma’nosi tegishli pedagogik tizimni yaratish uchun asos yaratadi. pedagogik klassik va mahalliy tizimlarning har biri o‘ziga xos ma’noga ega va ma’lum bir ta’lim turiga tegishli bo‘lib muammo ma’lum bir mintaqa, viloyat, maktab, oila yoki alohida shaxs uchun tanlangan ta’lim turining aksariyat hollardagi asossizligidir.

**Adabiyotlar**


1. O‘zbekiston Respublikasining Qonuni. Ma’muriy islohotlar doirasida ta’lim sohasida davlat boshqaruvi takomillashtirilishi munosabati bilan O‘zbekiston Respublikasining ayrim qonun hujjatlariga o‘zgartirish va qo‘shimchalar kiritish to‘g‘risida. O‘RQ-957-son
2. Tulyakov E.”Ta’lim sohasidagi islohotlarni davom ettirish – ustuvor vazifa. https://strategy.uz/index.php?news=1725 . 2023.
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining Qarori. Ta’lim sohasidagi islohotlarni jadallashtirish bo‘yicha qo‘shimcha chora-tadbirlar to‘g‘risida. PQ-54-son
4. Хуторской А.В. Педагогика. Darslik. –Питер: 2019.
5. Ibraimov X, Quronov M. Umumiy pedagogika. Darslik. –Toshkent: 2023.


**REZYUME.** Ushbu ilmiy maqolada Pedagogikaning ilm sifatidagi beshta asosiy qo‘llanilishi, pedagogik amaliyotdagi ta’lim va tarbiya, pedagogik mahoratga ega bo‘lish, pedagogik sistemalar, pedagogik muhandislik, pedagogik qonuniyatlar pedagogika fanidagi asosiy qoidalar va ularni qo‘llay olish, talabalarda hayotga professional pedagogik qarashlarni shakllantirish, ta’lim turi, ta’limning o‘ziga xos ma’nolari, konseptual apparatlari, tamoyillari, qonuniyatlari va texnologiyalari haqida fikr yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В научной статье обсуждаются пять основных применений педагогики как науки, включая обучение и воспитание в педагогической практике, овладение педагогическим мастерством, педагогические системы, технологии, педагогическое проектирование, педагогические закономерности, основные правила педагогики как науки и их применение, формирование у студентов профессиональных педагогических взглядов на жизнь, виды обучения, уникальные значения образования, концептуальный аппарат, принципы, закономерности и технологии образования.

**SUMMARY.** In this scientific article, five main applications of pedagogy as a science are discussed, including education and upbringing in pedagogical practice, acquiring pedagogical skills, pedagogical systems, technology, pedagogical engineering, pedagogical principles, the main rules of pedagogy as a science and their application, forming professional pedagogical views on life among students, types of education, the unique meanings of education, conceptual apparatus, principles, laws, and technologies of education.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ БАТЫРЛАРЫ МИНГЕН ТУЛПАРЛАР ҲАҚҚЫНДА

**Е.К.Оразымбетов –** *педагогика илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** чопқир, қанозат, арғумоқ, тулпор, ботирлар, содиқлик.

**Ключевые слова:** жуйрик, каназат, аргымак, тулпар, батыры, верность.

**Key words:** zhuirik, kanazat, argymak, horse, warriors, loyalty.

«Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар» қәсийетли, сийрек ушырасатуғын жүйрик, ҳасыл туқымлы қаназат жылқыны қарақалпақлар «арғымақ, қаназат, тулпар» деп атап, оларға өзгеше нәзер менен қараған. Өйткени қарақалпақ дәстүрлеринде тулпарлар тек ийесиниң ғана емес, пүткил урыў аймағының, халқының абырайын, мәртебесин асыратуғын ғәзийнеси есапланған.

Қарақалпақ халқы мудамы жылқының ҳасылын ардақлап, оларды ҳеш қашан сойыслыққа жибермеген. Ер жигиттиң қанаты болған қаназат тулпарлар өз әжели менен өлген ҳәм ҳүрмет пенен жерленген.

Қарақалпақ халқында «Ат - ер жигиттиң қанаты», «Ер жигиттиң бир мурады ат болар, ат болмаса жүрегинде дәрт болар» деген ҳикметли сөзлер бар. Қарақалпақ халқы тарийхында аты дуйым журтқа уран болған батырлар бир талай. Батырдың жети ғәзийнесиниң бири – жүйрик ат ийеси қуласа жалын төсеп, туяғы менен жер қазып, аўызлығын шайнап, ийесине найза ямаса қылыш пенен оқталған жаўды ат үстинен тислеп тартып жерге қулатып, туяғы менен таплап, урыстың усылларын меңгерип, жаў оғынан қаймығып, ийесин аман сақлаған. Батырдың қыйналған ўақтында тилине зибан питип, ийесине кеңес берген. Сонлықтан ертеде тулпар сайлап минип елим деп еңиреген, халқын сүйген, ел-журттың тынышлығы, абаданлығы, ғәрезсизлиги ушын гүрескен батырлардың минген тулпарлары ийесине садықлығы, дослығы, керек ўақтында сүйениш болатуғынлығы халық аўзында дәстанларға, аңызға айланған.

Қарақалпақ әдебияттаныў илимине тийкар салыўшылардың бири, көрнекли илимпаз ҳәм жәмийетлик искер Н.Дәўқараев өзиниң изертлеўлеринде жүйрик жылқылар ҳаққында төмендегише пикирин билдиреди. «... жаўгершилик, атланыс ўақларында жылқы үлкен әҳмийетке ийе болған. Қуўса қусқа жететуғын, қашса қутылатуғын, жулдызды гөзлеген жүйрик ат жигиттиң жолдасы деп есапланады. Қарақалпақ дәстүрлеринде жигит болыў ушын баслы шәрттиң биреўи оның аты болыўы керек. Атсыз жигиттиң қәдири кем болады. Бул қарақалпақтың «Не жаман» деген термесинде төмендегише тәрийипленеди.

Атлан-атлан дегенде,
Атланарға аты жоқ,
Ийнмне тартар заты жоқ,
Өз теңиниң ишинде,
Пияда қалған сол жаман» [1:110-111] деген пикирлер бүгинги күнде де жигитлерге атқа деген меҳирди оятары анық.

Ҳақыйқатында да илимпаздың келтиргениндей ертеде көп жаўгершиликлер болған. Топа-торыстан жаў бастырып келген. Сондай ўақытлары жаўға қарсы гүресиў ушын жигитке шапқыр, тулпар ат керек болған. Егерде жигитте аты болмай қалса, қатарынан кем есапланған. Соның ушында қарақалпақ халық термелеринде атсыз жигиттиң аўҳалы баян етилген.

Батырлардың өзине ылайық тулпар таңлаўы өз алдына тарийхқа ийе. Олардың өзине ылайық ат таңлаўы дәстанларда, аңызларда сақланып қалған.

Батырлардың тулпарлары өзгеше қәсийети, дене дүзилиси, сулыў келбети, жүйриклиги, ақыллылығы, ийесине садықлығы менен басқа жылқылардан ажыралып турады. Тулпар батырдың тек минетуғын көлиги емес, оның атақ-абыройын ҳәм мәртебесин асыратуғын садық досты, қыйын-қыстаў жерде кеңесгөйи, жаўға шапқанда сүйенер жолдасы болған.

Изертлеўши Н.Г.Кульсарин өзиниң «Образ богатыря в русском и башкирском героическом эпосе» атамасындағы диссертация жумысында «Түрли халықлардың қаҳарманлық эпос дөретпелеринде тулпар ат батыр менен бирге шәртли түрде садық дос, жәрдемши сыпатында сүўретленеди» [2] - деген пикирди келтирип өтеди.

Бул пикир жүдә орынлы келтирилген. Басқа халықлардың дәстанларында ат батырлардың жақын досты болғаны сыяқлы қарақалпақ дәстанларында да да Алпамыс минген Байшубар, Қоблан минген Торы ат, Гулайым минген Ақтамкер, Едиге минген Баўыршын, Нуратдин минген Сары ала ат, Мәспатша минген Мәнжүн ат, Ер Қосай минген Қара ат қарақалпақ батырлар менен бирге тәрийипленгенин көремиз.

Түркменстанлы илимпаз О.Гундогдыев «Конь и конница у туркмен» деген илимий мийнетинде атларды ҳәр тәреплеме изертлеп, «Батыр өзине ылайық жан жолдасы тулпарын тапқан ўақтында батыр. Оған шекем ол қаншама күшин көрсетип ерлик ислегени менен батыр саналмайды» [3:106] деген тоқтамға келеди.

Қарақалпақ батырларының өзине тулпар таңлаўы өз алдына тарийхқа ийе. Мәселен, қарақалпақ халқының ырғақлы урыўынан шыққан Алпамыс батырдың өзине ылайық тулпар таңлаўы «Алпамыс» дәстанында айрықша тәрийипленеди. «Алпамыс пайыў пияда, ер арқалап, қамшы алып, атлы бармас жерлерге пияда барып, атасының жылқысын бағатуғын Қултай бабаның қасына барып минетуғын ат сорайды.

Сонда бабасы Қултай «Бәрекелла, балам, сениң мәрт болғаныңа шүкир! Ат минемен деп кәмалға келгениңе шүкир деп Алпамысқа:

Булақтың бойына бар, бойыншелли бир ақым қаз, бойыңды жасырып жат, сәскеде жылқының алды таўдан қулап суўға келер, сол жерде намазлыгерде суў ишип, кейин серпилип қайтар. Тақымың толғандай, хызметиңе болғандай, ҳәжетиңе жарағандай, қабырғалы ябы болса сайлап өзиң алып минип ал, балам! Қайсысының жүйригин, қайсысының шабанын, қайсысының жақсысын, қайсысының жаманын мен билмеймен балам, - дейди.

Сол ўақытта Алпамыс булақтың бойына барып, бойы шелли ақым ды қазып, бойын жасырып жатты. Әрманлық пенен таң атты, күн шықты, сәске болды, жылқының алды таўдан қулап суўға келди, намазлыгерде суў ишип, кейин серпилип қайтты.

«Тақымы толғандай,
Хызмет күнге болғандай,
Көринбеди ишинде,
Қабырғалы бир ябы.

- Пай, маңлайы қараның жыйнаған малы ҳарамзада екен! - деп, ақымнан басын көтерсе:

Аяқлары топышақ,
Қуйрық жалы бир қушақ,
Жүрип жолдан адасқан,
Тула бойын кене басқан,
Мезгиллик жолды аңлаған,
Дүбир шықса узақта,
Қулақ салып тыңлаған,
Өзи шубар, қотыр тай,
Қарны үлкен суў қабақтай,
Кеселеп жортып киятыр.

Сол маңлайы қараны сынап көрейин, - деген мәрттиң кеўилине қыял пайда болды, узақтан суўсап келген жылқы булаққа тумсығын басты. Мәрт ақымнан шығып, қуйрыққа беккем жабысты. Ат арман тартты, Алпамыс берман тартты, тулпарлығын билдирип, Алпамысқа күш бермей, бир танап жерге сүйреп қашты. Батырлығын билдирди, аш жолбарыстай ыңыранып, жарылған муздай гүңиренип, иркип алды шубарды» [4:36-37].

Байшубардың өз бойын жасырып жүриўи, негизинде оның узақты гөзлеген жүйрик тулпар екенлиги ҳәм Алпамыстың оны таңлаўы дәстанда ҳәр тәреплеме сүўретленген. Батырдың бундай өзине ат таңлаўы ҳәм аттың тулпарлық қәсийетлери тек ғана қарақалпақ дәстанларында ғана емес, ал түрки тиллес қазақ, ноғай, қумық ҳәм басқада да халықлардың қаҳарманлық дәстанларында ушырасады. Тулпар ат барлық ўақытта батырға жәрдемши досты сыпатында тәрийипленип, батырлардың тәғдири мудамы атлары менен тығыз байланыслы болып келеди. Әсиресе, қазақлардың «Алпамыс» жыры қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс» дәстаны менен сыбайлас екенлигин көриўимизге болады.

Буннан тысқары Арқа Кавказ халықларының (Адыгейлер, Осетинлер, Чеченлар ҳәм Ингушлар ҳәм басқалар) қаҳарманлық дәстанлары қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары менен уқсас тәреплерин көриўимиз мүмкин. Бул халықлардың да қаҳарманлық дөретпелеринде батырлардың жәрдемшиси болған атең зәрүрли рол ойнайды, олар сөйлеўди биледи, батырға урыс даўамында өзин қандай тутыўды, не қылыў кереклигини айтып береди, қыйын тапсырмаларды орынлаўда жәрдем береди.

Қарақалпақ халқының қыпшақ урыўынан шыққан Қоблан батырдың да өзине ылайық тулпар таңлаўы ҳаққында халық арасында түрли аңыз-әңгимелер тараған. Қобланның туўылыўы, кәмалға келиўи, өзине ылайықлы тулпар таңлаўы, өз халқының азатлығы, ғәрезсизлиги, бахытлы турмыс сүриўи ушын ел-журтын сыртқы жаўлардан қорғаганлығы ҳаққында «Қоблан» дәстанында айрықша көтериңки руўх пенен сүўретленген.

Дәстанда «...Бала он бир жасына келип, Қыдырбай ғәрип көп баланы жанына қойды. Сарықум деген жерден бир орда сайлап берди. Балалар менен асық ойнап, балаларға зорлық қылып, жүреги қабына сыймай, атаның алдына барып, «ата, маған жүйрик ат берсең, кейниме қырқ жигит берсең, ҳәр-жерге барып, кеўлимди көтерсем, қалай болар екен» дейди. Қартайғанда көрген перзенти «ат минемен» деген соң, гүдары ноқта, алтыннан пуў берген тебинги, алтын ер, ушыға терлик - барлығын таяр қылып, көп жылқыға алып барды. Көп жылқының ишинде төрт бедеўи бар еди, жылқыманларға услатып алдырды, атларға ер салып, зәртең-зәбертең ертлеп, «я қорыққан жылайды, я қуўанған жылайды»,-деген, қуўанғанынан жылап, ғаррының баўыры езилди. Қоблан минген атлар баланы көтере алмай, жәниўардың омыртқасы үзилди» [5:28] – деп тәрийипленеди.

Қоблан батырдың торы аты ҳаққында дәстанда төмендеги мағлыўматлар берилген. Қобланның яры Құртқа келин болып түскеннен кейин жылқының ишинде буўаз кер бийени көрип, кер бийениң қарнындағы баласында “ер жигиттиң қанаты – арғымақ”тың бар екенин аңлайды ҳәм бийе туўғаннан соң, тайыншақты анасынан айырып өз перзентиндей етип тәрбиялайды.

«Қуртқа да сыншы еди, көп жылқының ишинде бели қайқы кер бийе, маңлайы жазық сур бийе, көп жылқының басы еди, бир нышанды көреди.

... Қуртқа жан кер бийени қырық күн бақты, арадан қырық күн өткенде кер бийеден қулын туўды, шын маңлайдан күн туўды, тобығында меңи бар, тоты қустай жәниўар, Қоблан мәртке миясар, Қуртқа оның

аўзы-басын сыпырып, қулағына үрледи, емшегин аўзына салып, перзентим деп жүреди» [5:51].

Халық арасындағы аңыз-әңгимелерге қарағанда Куртқа Қобланнан тайыншақты кәмалға келтириў ушын алты жыл мәўлет сорайды. Куртқа тайыншақты анасынан айырып, оны жаман көзден жырақ болыў ушын арнап тигилген кийиз үйде сақлайды. Оған тоқсан күн туўмаған қысыр бийе ҳәм түйениң сүтин береди. Тоқсан күн толғаннан соң оған жемге қосып түрли шыпабағыш от-жем менен бағады.

Лекин, арадан үш жыл өткенде ел арасында ғалаўыт пайда болады ҳәм Қоблан Куртқадан торы атты бериўин сорайды.

Халық жақсы, жүйрик атты тулпар дейди. Тулпардың еки қолтығында қанаты болады, қыйын қыстаў шешиўши гезек келгенде ушады деп түсинеди. «Мәспатша» дәстанында Айпарша қалмақлардың қолына түскенде, қалмақтың қорғанынан ат пенен ушып шығады. Қобланның торы аты да Акшаханның тойында бәйгиге жиберилген атлардың изинен бир күннен кейин жолға шығады.

“Бир күн өткен арадан.
Тәўекел етип кейининен,
Қуўғыншы болды мәрт Қоблан,
Өрме қумнан өрмелеп,
Оннан етип барады.
Мәрттиң минген торы аты,
Таў үстинен жүреди,
Отлайды екен торыша ат,
Таўға шыққан селеўди.
Гәҳи ушып, гәҳи қонады”,

Тулпарлар батырдың қыйын-қыстаў жағдайға түскен ўақытларында жанында сүйеў болды. Торы атқа зибан питип, адам киби сөйлеп, Қобланға ақыл кеңес береди. Талай душпан менен болған урысларда батырды аман алып шығады.

Қоблан батыр Көбикли менен айқасқанда торы ат Көбиклиниң ала атын шайнап өлтиреди. Көбиклиниң қушағында қалған Қобланды көре алмай “ийемнен айрылдымба” деп жылайды ҳәм ийесине жәрдем бериў ушын өзин ортаға урады. Көбикли дәўдиң қолынан батырды жаздырыў ушын дәўдиң бармағын тислейди. Бәлентке секирип дәўдиң төбесине тебеди. Лекин, дәў Қобланды жаздырмайды. Сонда торы ат Қобланға ыразы бол деп оқыранып жылайды.

“Дәўдиң минген ала атын, Шайнаўы менен өлтирди,
Жан-жағына қарады, Көре алмады Қобланды,
Айрылдым ба Қобланнан! Деп жәниўар жылады.
Ортаға өзин урады, Көзлер таслап қарады, Ақша жүзи албырап, Тулымшағы салбырап, Дәў қолында көринди,
Қоблан атлы жалғыздың, Еки көзи жаўдырап, Ҳаслы ҳайўан демесең, Қасына келди зар әйлеп, Ағасын жети айланды, Ҳаўаға қарап еснеди, Гүлдир-гүлдир киснеди,
Жаздырыў ушын Қобланды, Он бармағын жаныўар,
Ғашыр-ғашыр тислейди” [5:155].

Торы ат Қобланды дәўдиң қолынан қутқарыў ушын бир ярым айлық жолға тәўекел етип үш күнде Куртқаның ағасы Караманға жәрдем сорап Қобланды жаў қолынан қутқарады.

Бундай ҳасыл, ийесине садықлықты Гулайым минген Ақтамкер, Едиге минген Баўыршын, Нуратдин минген Сары ала ат, Мәспатга минген Мәнжүн ат, Ер Қосай минген Кара атта да көремиз.

Жуўмақлап айтқанда батырлар минген тулпарлар алысты жақын ететуғын, ҳасыл, ийесине садық, оған жан жолдас болған жүйрик ат болыўы менен бирге инсан тәрбиясында шын дослықтың тымсалын көрсетип береди. Бүгинги күнде бундай ҳасыл тұқымлы қаназатларды жасларымыз бәйгилерде, көкпары ойынларында ғана көрип келмекте. Ерте заманларда өткен батырлар ҳаққында оқып, үйренип, олардың минген тулпарларына да итибар қаратыўымыз зәрүр. Себеби, сол дәўирлерде батырдың қанаты болған тулпарлардың ийесине садықлығын оқыў, үйрениў арқалы жаслар өзинде жолдасына садықлықты, жақсы-жаман, қуўанышлы ҳәм қайғылы күнлерде өз жақынларының, халқының қасында жәрдемши болыўы, елине, журтына садық болыўға тәрбияланады.

**Әдебиятлар**


1. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйындысы. 2 том. -Н.: 1977. 356-б.
2. Кульсарин Н. Г. Образ богатыря в русском и башкирском героическом эпосе: автореф. дис. … канд. филол. наук. – Уфа: б. и.], 2014. –С. 24.
3. Гундогдыев О. Конь и конница у туркмен. –Ашгабат: 1999. –С. 106.
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VII том. Алпамыс дәстаны. -Н.: 1981. 217-б.
5. Қорақалпоқ фолклоры. Көп томлық. VIII том. Қоблан дәстаны. -Н.: 1981. 272-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ ботирлари минган тўлпорларнинг ўзига хос жихатлари, эгасига содиқлиги, дўстлиги ва уларнинг ёшлар тарбиясидаги тўтган ўрни педагогик жихатдан баён этилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье с педагогической точки зрения описываются характерные черты лошадей каракалпакских батыров, их дружность и верность хозяину, а также их роль в воспитании молодого поколения.

**SUMMARY.** The article describes the characteristics of the horses that the Karakalpak heroes rode, their loyalty, friendship and their place in the education of youth from a pedagogical point of view.


## TEXNOLOGIK TA’LIM YO‘NALISHIDA UMUMKASBIY VA IXTISOSLIK FANLARI INTEGRATSIYASINI TA’MINLASh


**N.T.Orınbetov** – *pedagogika fanlari boyicha falsafa doktori, dotsent*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** kasbiy faoliyat, integratsiya, innovasiya, modernizasiya, bilim, ko‘nikma, malaka, umumkasbiy va ixtisoslik fanlari, oliy ta’lim, bakalavriat, uzviylik, integratsiya, ixtisoslik, mutaxassislik, ta’lim tizimi.

**Ключевые слова:** профессиональная деятельность, интеграция, инновация, модернизация, знание, умение, навыки, общепрофессиональные и специализированные дисциплины, высшее образование, бакалавриат, преемственность, интеграция, специальность, система образования.

**Key words:** professional activity, integration, innovation, modernization, knowledge, skills, general professional and specialized disciplines, higher education, bachelor, continuity, integration, specialty, education system.


O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 8-oktabrdagi PF 5847-sonli “O‘zbekiston Respublikasi oliy ta’lim tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish konsepsiyasini tasdiqlash to‘g‘risida”gi farmoniga asosan O‘zbekiston Respublikasida oliy ta’limni tizimli isloh qilishning ustuvor yo‘nalishlarini belgilash, zamonaviy bilim va yuksak ma’naviy-axloqiy fazilatlarga ega, mustaqil fikrlaydigan yuqori malakali kadrlar tayyorlash jarayonini sifat jihatidan yangi bosqichga ko‘tarish, oliy ta’limni modernizatsiya qilish, ilg‘or ta’lim texnologiyalariga asoslangan holda ijtimoiy soha va iqtisodiyot tarmoqlarini rivojlantirish ko‘zda tutilgan [1].

Uzluksiz ta’lim tizimining eng muhim jihatlaridan biri uning bosqichlari o‘rtasidagi, fanlararo uzviylik va uzluksizlikni ta’minlash, umumkasbiy va ixtisoslik fanlari integratsiyasini ta’minlashdan iboratdir.

Shuning uchun ham ta’limda integratsiya, uzviylik va uzluksizlikni ta’minlash masalasi bugungi kunning dolzarb